



Pou Piblikasyon Imedya: 06/03/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LAPOLIS ETA ÒGANIZE LEKÒL POU KONBAT AK ENVESTIGE KRIM RAYISAB NAN ETA NEW YORK

### *Plis pase 160 Manm Fòs De Lòd Rankontre nan Albany Pou Seminè Ankèt sou Krim Rayisab New York La*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Lapolis Eta a te konplete Seminè Ankèt sou Krim Rayisab nan Eta New York li an nan Akademi Lapolis Eta a ki nan Albany. Plis pase 160 manm fòs de lòd eta a, nan nivo konte ak lokal, ansanm ak pwokirè distrik yo, te rasanble nan lekòl la le 5 ak 6 Mas pou koute reprezantan fòs de lòd ki gen eksperyans nan investigasyon kalite krim sa yo ansanm ak ekspè sou pwoblèm legal ki asosye ak krim patipri yo epi fòm anplwaye ki soti nan Lig Anti-Difamasyon an. Evènman an te bay yon opòtinite pou patisipan yo resevwa fòmasyon sou idantifikasyon ak investigasyon krim rayisab yo nan Eta New York, pwosedi evidans yo, resous ki disponib yo, menm jan ak konsèy sou kijan pou konbat tip aktivite sa yo nan kominote yo.

“Avèk ogmantasyon resan krim rayisab yo, li enpòtan anpil pou anplwaye fòs de lòd eta ak lokal yo jwenn dènye fòmasyon ak enfòmasyon ki pi ajou a pou ede nan ankèt ak pouwit krim odye sa yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pa gen plas pou layèn nan eta nou an, epi fòmasyon sa yo pral asire ke repons nou a krim ki gen rapò ak prejije yo rete rapid.”

**Sipèentandan Pwovizwa Lapolis Eta New York La Keith M. Corlett di,** “Sekirite ak Pwoteksyon tout moun New York yo rete pi gwo priyorite nou e nou gen zewo tolerans pou nenpòt moun ki komèt krim rayisab nan kominote nou yo. Seminè sa a bay fòs de lòd ak patnè kominote nou yo fòmasyon konplè ki enpòtan anpil, ki pral ede yo investigasyon ak pou rezoud ka krim rayisab yo. Egalman enpòtan, fòmasyon an bay investigatè yo resous krisyal ki nesèsè pou ede prevni ak konbat krim sa yo.”

Fòmasyon sa a ajoute sou inisyativ kontini Gouvènè Cuomo yo pou konbat prejije ak diskriminasyon. An 2016, Gouvènè a te kreye premye Fòs Entèvansyon sou Krim Rayisab yo epi yon ti tan apre sa, li lanse Liy Tèks Krim Rayisab yo, ki pèmèt nenpòt moun New York rapòte fasilman ensidan yo nan kominote yo an. Nou ankouraje sila yo ki fè eksperyans oubyen ki temwen prejije oswa diskriminasyon pou voye mesaj tèks “HATE” nan 81336 ak detay ensidan an, ki enkli dokimantasyon foto oswa videyo.

Liy tèks lan se yon ajou nan nimewo telefòm gratis pou prejije ak diskriminasyon ki opere pa Divizyon Dwa Imen (Division of Human Rights) Eta a ([1-888-392-3644](tel:1-888-392-3644)). Depi kreyasyon li an Novanm 2016, nimewo dirèk la te resevwa plis pase 19,000 apèl, epi li te refere plis pase 180 bay Lapolis Eta a pou ankèt nan potansyèl kondwit kriminèl.

Nan ka yon ijans oswa si ou se viktim yon krim èn, toujou konpoze 911. Okòmansman, yon prim 5,000 dola te disponib pou tout enfòmasyon ki mennen arestasyon ak kondanasyon pou yon krim rayisab. An 2017, Gouvènè a fè patenarya ak Majistra Vil New York lan Bill de Blasio pou monte prim lan a 20,000 dola ansanm.

Gouvènè Cuomo te kreye tou yon pwogram sibvansyon 25 milyon dola pou ranfòse pwoteksyon ak sekirite nan lekòl ak sant gadri New York yo ki a risk krim rayisab oswa atak akòz ideyoloji, kwayans oswa misyon yo. Pwogram sibvansyon an founi finansman adisyonèl pou bezwen ekipman sekirite ak fòmasyon yo, epi Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan (Division of Homeland Security and Emergency Services) pral jere pwogram sa a.

Biwo Sèvis pou Viktim (Office of Victim Services, OVS) Eta New York la ka bay ranbousman ak konpansasyon a viktim krim rayisab yo. Chanjman resan nan lwa eta elaji asistans ajans lan bay moun ki pa t fizikman blese pandan krim nan, sa vin elaji filè sekirite ke ajans lan bay. Anvan chanjman sa yo, sèlman viktim krim rayisab yo ki te blese fizikman te kapab aplike pou asistans. Pa egzanp, yon moun ki soufri de zo ki kase pandan yon agresyon ki an rapò ak krim rayisab yo te toujou kalifye pou konpansasyon. Sepandan, yon moun ki twomatize pa domaj entansif ki te fèt nan kay yo akòz yon krim rayisab, pa t kalifye pou asistans pou peye pou konsiltasyon pou peye pou konsèy sikolojik akoswa netwayaj sèn krim paske yo pa t soufri domaj fizik; sa pa konsa ankò.

OVS yo finance tou plis pase 220 pwogram atravè eta a ki bay sèvis dirèk, tankou entèvansyon kont kriz ak konsèy sikolojik, a viktim krim yo, enkli krim rayisab yo. Ajans lan finance tou defansè viktim krim yo ki asiye a twoup Lapolis Eta yo atravè eta a. Defansè ak anplwaye ki soti nan lòt pwogram ki jwen finansman sa yo ka ede nenpòt viktim krim aplike pou dedomajman ak lòt èd nan men Biwo Sèvis pou Viktim lan, ki se yon filè sekirite pou moun ki pa gen lòt resous. Moun k ap chache èd nan men OVS yo ka chache founisè sèvis sou entènèt nan: <https://ovs.ny.gov/locate-program>. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite: [www.ovs.ny.gov](http://www.ovs.ny.gov).

Konfòmman ak lwa eta a, yon moun komèt yon krim laèn lè li poze yon zak, pami yon seri zak byen spesifik, ki vize viktim lan akòz yon pèsèpsyon oubyen yon kwayans sou ras, koulè, orijin, zansèt, sèks, relijyon, pratik relijyon, laj, andikap oswa oryantasyon seksyèl li, oubyen lè zak ki poze a se rezilta kalite pèsèpsyon oubyen kwayans sa. Yo ka poze krim lahèn kon yon moun oubyen kont yon gwoup moun oubyen kont pwopriyete prive oswa piblik. Epitou, dapre lalwa, li ilegal pou fè diskriminasyon sou baz ras, orijin nasyonal, relijyon, etnisite oswa plizyè lòt klasifikasyon ki pwoteje.

New York gen distenksyon fyè pou l premye eta nan peyi a ki adopte yon lwa sou dwa imen ki bay chak sitwayen “yon opòtinite egal pou pwofite yon lavi konplè epi pwodiktif.” Divizyon Dwa Imen Eta New York la se ajans ki anchaj pou aplike lwa sa, ki entèdi diskriminasyon nan travay, lojman, akomodasyon kredi, ansanm avèk lòt jiridiksyon, ki baze sou laj, ras, peyi orijin, sèks, oryantasyon seksyèl, estati matrimonyal, andikap, estati militè, ansanm avèk lòt klas presi. Pou plis enfòmasyon sou Lwa sou Dwa Imen ak travay ajans lan, vizite sit entènèt Divizyon Dwa Imen an nan [www.dhr.ny.gov](http://www.dhr.ny.gov).

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)